

SANSIBLIZASYON NAN/POU ALÈJÈN ALIMANTÈ

Ou jwe yon wòl enpòtan!

Konnen "Big 9" Gwo Alèjèn Alimantè yo



Pistach



Nwa ki soti nan pye bwa yo



Pwason



Fwidmè



Ze



Lèt



Ble



Soja



Wowoli

Lè yon Kliyan Enfòme W Ke Li Genyen yon Alèji Alimantè

- **Pran sa oserye.** Reyakson alèjik yo ka mete lavi yon moun an danje.
- **Rapòte enfòmasyon sou alèji bay manadjè a oswa moun ki responsab la.**
- **Rapòte enfòmasyon sou alèji bay pèsonèl ki prepare manje.**
- **Konnen eleman ki nan meni yo ansanm ak engredyan espesifik yo.**
- **Bay enfòmasyon egzat a kliyan yo ki gen alèji alimantè.**
- **Kominike efikasman ak kliyan yo sou enkyetid yo.**

Men ki sentom alèjik ou dwe siveye



Respirasyon siflan



Reyakson po tankou itikè, anfleman, oswa gratèl/demangezon



Anafilaktik ki enkli pwoblèm pou respire ak vètij



Sansasyon boule nan po bouch ak bouch



Nen k ap kouri dlo



Je grate oswa k ap fè dlo

Kontak Kwaze

Kontak Kwaze rive lè yon alèjèn touche ak yon engredyan ki pa genyen alèjèn. Pa egzanp, lè pensèt ki itilize pou pwason touche ak leti oswa lòt manje non-alèjèn yo.

Anpeche Kontak Kwaze

- Mete etikèt sou alèrjèn stoke yo epi konsève yo lwen non-alèjèn yo.
- Lave men, istansil, ak sifas ant manje alèjèn ak manje non-alèjèn yo. Dezenfekte sifas yo lè sa nesesè.
- Itilize istansil ak ekipman ki pwòp pou preparasyon manje yo. Mete gan jetab, pwòp ki pa gen latèks.
- Konnen lwil pou kwit manje, tachte, ak vapè ki soti nan kwit manje ki gen alèjèn.

RELE 911 IMEDYATMAN SI OU
REMAKE NENPÒT NAN SENTÒM YO
EPI AVIZE MANADJÈ W.